

# Enfòmasyon sou Talkspace: Kesyon Moun Poze Souvan pou Lekòl ak Distri NYC yo

Estrès lekòl, relasyon, konfli ant zanmi – lavi adolesan yo pa toujou fasil. Kidonk, gras ak nouvo pwogram NYC Teenspace la (Espas adolesan NYC), Vil New York mobilize pou li pèmèt adolesan nan vil la ki genyen ant 13 ak 17 lane jwenn yon terapeit Talkspace, resous pou sante mantal, elatriye, **gratis ti cheri.**

## Kijan li fonksyone

Elèv nan NYC ki genyen ant 13 ak 17 lane yo kapab itilize sèvis Talkspace yo byen fasil lè yo suiv kèk etap senp.

- Ale sou [talkspace.com/nyc](https://talkspace.com/nyc) epi mete dat yo fèt ak adrès yo pou yo kalifye.
- Reponn kèk kesyon ki konsène yo ak preferans yo genyen nan zafè terapeit.
- Mete adrès imèl yon paran oswa yon responsab legal, ki li menm ap resevwa yon imèl pou li bay konsantman li.
- An jeneral, yo mete elèv yo an kontak ak yon terapeit ki gen lisans nan New York nan espas yon jou (24 èdtan). Sa fèt sou baz eleman tankou sityasyon elèv yo ak espesyalite terapeit la.
- Elèv yo ap kapab fè yon seyans videyo an dirèk chak mwa epi yo ap kapab fè terapeit nan mesaj nètalkole apati òdinatè oswa esmatfòn yo. An jeneral, terapeit yo reponn chak jou, senk jou sou sèt.
- Epitou, elèv yo kapab itilize aplikasyon Talkspace Go a pou yo jwenn aktivite ak kou anliy ki baze sou sante mantal, yo kreye espesyalman pou adolesan.



# Kesyon Moun Poze Souvan

## Kiyès ki elijib epi konbyen kòb li koute?

Pwogram nan gratis pou adolesan k ap viv nan NYC ki genyen ant 13 ak 17 lane nan moman yo ap enskri a.

## Èske elèv ki nan lekòl prive oswa lekòl charter yo kapab patisipe nan pwogram sa a?

Wi, se tout adolesan k ap viv nan NYC ki genyen ant 13 ak 17 lane ki kapab enskri, kit yo ale lekòl, kit yo pa ale lekòl, epi kèlkeswa lekòl yo frekante a.

## Èske konsantman paran yo obligatwa?

Selon lalwa, fòk paran yo oswa responsab legal la bay konsantman. Sepandan, nan kèk sitiyasyon yo eksplike nan "Lwa sou Ijyèn Mantal" (Mental Hygiene Law) Eta a, konsantman sa a pa nesesè. Yo ap mande elèv yo bay enfòmasyon pou pran kontak ak paran yo oswa responsab legal yo, epi Talkspace ap voye yon imèl bay paran yo oswa responsab legal la pou siyen yon fòm konsantman.

## Èske terapet Talkspace yo gen lisans ak kalifikasyon pou yo travay avèk adolesan?

Terapet Talkspace yo genyen lisans nan travay sosyal, konsèy pwofesyonèl, epi terapi maryaj ak terapi fanmi. Yo kalifye selon nòm Komite Nasyonal pou Asirans Kalite (National Committee for Quality Assurance, NCQA) etabli. Terapet Talkspace yo genyen an mwayèn 7 a 10 lane eksperyans apre fòmasyon yo. Yo tout resevwa fòmasyon pou yo ede moun tout laj, san wete adolesan yo, epi yo kapab ede rezoud yon dividal pwoblèm sante mantal ki touche jèn moun yo.

## Èske genyen terapet ki pale lang ki pa lang Anglè?

Talkspace gen terapet ki pale plis pase 30 lang diferan epi yo kapab bay sèvis nan tout lang sa yo. Epitou, genyen yon sèvis tradiksyon ki disponib nan 120 lang.

## Kijan mwen kapab asire mwen enfòmasyon elèv yo pwoteje?

Yo kreye platfòm Talkspace la pou li reponn ak egzijans Lwa sou Transferablite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) fè yo. Enfòmasyon pasyan yo pwoteje nan de (2) manyè: premyeman, yo pwoteje avèk yon kòd sekre lè yo estoke nan bazdone a, epi dezyèmman, yo kòde yo lè yo ap voye yo sou aparèy elèv yo oswa lè yo ap soti sou aparèy yo a.

## Kisa k ap pase si elèv mwen an fè yon kriz?

Talkspace se pa yon liy telefòn ki jere zafè kriz. Si elèv ou a bezwen èd lapoula oswa lavi li an danje, Talkspace ankouraje ou rele oswa voye yon mesaj tèks nan 988.

## Èske terapi anliy nan efikas?

Toutafè! Selon rechèch yo, lè ou pale avèk yon terapet nan mesaj, li kapab efikas menm jan ak lè ou pale avèk yon terapet fas-a-fas pou pwoblèm emosyonèl ak pwoblèm sante mantal moun genyen souvan tankou depresyon, anksyete, adiksyon ak pwodui chimik, estrès, twoub estrès apre chòk (Post-traumatic stress disorder, PTSD), elatriye.

## Plis kesyon?

Tanpri ale sou [talkspace.com/nyc](https://talkspace.com/nyc) pou wè ribrik ki gen tout kesyon moun poze souvan yo.